

# PREPARASYON AK REpons pou TANPÈT

Liy Enfòmasyon sou Èd Eta a bay 1-800-342-3557  
FloridaDisaster.org

## PWOTEKSYON ELEKTRIK

### Danje Elektrik yo Kapab Lakoz Boule, Chòk, ak Posiblité Pou Moun Pran Kouran

- Toujou di tèt ou tout fil ki anlè yo gen kouran oswa yo se “sous tansyon” kouran, epi tansyon ki ladan yo a kapab touye ou.
- Pa janm touche yon fil kouran ki tonbe atè. Si yon fil kouran tonbe sou machin ou pandan w ap kondui, rete anndan machin nan epi kontinye kondui pou ou ale lwen fil la.
- Pa janm itilize yon ekipman elektrik pandan ou kanpe nan dlo oswa pandan ou anba lapli.
- Mande yon elektrisyen ki kalifye pou li enspekte ekipman elektrik ki te mouye a pou asire ou pa gen rès dlo ki rete ladan li.

*Toujou fè founisè sèvis elektrisite lokal  
ou a konnen tout fil kouran ki sot tonbe.*

### Ret Anndan Kay Pandan yon Siklòn

- Evite lavarse las manos, bañarse o ducharse, ya que los rayos pueden hacer que las Evite lave men ou, benyen oswa al nan douch paske kout zeklè yo kapab voye chaj elektrik nan tiyo ki mennen dlo yo.
- Rete lwen fenèt ak pòt yo. Debri ki ap vole yo kapab pase nan fenèt yo si fenèt yo pa pwoteje.
- Pa kouche atè nan beton an oswa pa apiye sou mi yo, paske yo kapab kondui kouran elektrik.

**Florida**  
**HEALTH**